

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan kalengkepan jeung adegan kalimah dina kiriman *twitter* anu ngagunakeun tanda atawa *hashtag* (#)ReboNyunda bisa dijieun kacindekan saperti anu ébréh di handap.

- a. Jumlah kiriman *tweet* anu ngagunakeun *hashtag* (#)ReboNyunda salila bulan Desember 2013-Januari 2014 kapanggih 180 kalimah tina 112 kiriman anu kabagi jadi kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.
- b. Tina sakabéh data anu kakumpul, jumlah kalimah sampurna aya 90 kalimah (50%), jeung kalimah teu sampurna kapanggih 90 kalimah (50%).
- c. Data kalimah sampurna dipasing-pasing dumasar unsur pangwangunna, dina ieu panalungtikan kalimah sampurna dikelompokkeun jadi kalimah salancar jeung kalimah ngantét. Tina hasil analisis kapanggih data saperti anu ébréh di handap.
 - 7) Kalimah sampurna salancar pola J-C kapanggih 24 kalimah atawa 13,3% tina sakabéh jumlah data.
 - 8) Kalimah sampurna salancar pola J-C-U kapanggih 11 kalimah atawa 6,1% tina sakabéh jumlah data.
 - 9) Kalimah sampurna salancar pola J-C-Pa kapanggih 9 kalimah atawa 5% tina sakabéh jumlah data.
 - 10) Kalimah sampurna salancar pola J-C-K kapanggih 16 kalimah atawa 8,8% tina sakabéh jumlah data.
 - 11) Kalimah sampurna salancar pola J-C-U-K kapanggih 6 kalimah atawa 3,3% tina sakabéh jumlah data.
 - 12) Kalimah sampurna ngantét satata dwiklausa kapanggih 8 kalimah atawa 4,4% tina sakabéh jumlah data.

- 13) Kalimah sampurna ngantét satata triklausu kapanggih 2 kalimah atawa 1,1% tina sakabéh jumlah data.
- 14) Kalimah sampurna ngantét sumélér kapanggih 14 kalimah atawa 7,7% tina sakabéh jumlah data.
- d. Data kalimah teu sampurna dipasing-pasing dumasar unsur pangwangunna, dina ieu panalungtikan dikelompokkeun jadi 9 pola pangwangun. Tina hasil analisis kapanggih data saperti anu ébréh di handap.
- 1) Kalimah teu sampurna pola J, kapanggih 8 kalimah atawa 4,4% tina sakabéh jumlah data.
 - 2) Kalimah teu sampurna pola J-K, kapanggih 4 kalimah atawa 2,2% tina sakabéh jumlah data.
 - 3) Kalimah teu sampurna pola C, kapanggih 15 kalimah atawa 8,3% tina sakabéh jumlah data.
 - 4) Kalimah teu sampurna pola K, kapanggih 11 kalimah atawa 6,1% tina sakabéh jumlah data.
 - 5) Kalimah teu sampurna pola Pa, kapanggih 5 kalimah atawa 2,7% tina sakabéh jumlah data.
 - 6) Kalimah teu sampurna pola K-U, kapanggih 9 kalimah atawa 5% tina sakabéh jumlah data.
 - 7) Kalimah teu sampurna pola C-U, kapanggih 5 kalimah atawa 2,7% tina sakabéh jumlah data.
 - 8) Kalimah teu sampurna pola C-K, kapanggih 22 kalimah atawa 12,2% tina sakabéh jumlah data.
 - 9) kalimah teu sampurna pola C-U-K, kapanggih 11 kalimah atawa 6,1% tina sakabéh jumlah data.

5.2 Saran

Dina unggal panalungtikan tangtu aya kaonjoyan jeung kahéngkérana. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha hal nu can dipedar. Ku kituna, aya sababaraha saran nu kudu ditepikeun saperti anu ébréh di handap.

- a. Dina média patali marga euweuh aturan pikeun anu makéna, ku kituna dina tulas-tulis ogé sakumaha kahayang nu makéna. Loba pisan kasalahan makéna basa anu nyangkaruk dina tulisan-tulisan dina média patali marga. Ku kituna masih diperlukeun pisan panalungtikan-panalungtikan séjén anu ngulik masalah kabasaan dina média patali marga.
- b. Sanajan ieu panalungtikan teu dipatalikeun kana bahan pangajaran, tapi dipiharep ieu skripsi bisa dijadikeun rujukan pikeun pangajaran sintaksis Basa Sunda boh di tingkat siswa boh di tingkat mahasiswa.